



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MOUN LI NONMEN POU FÈ PATI KONSÈY SOU
KALITE DLO POTAB LA POU PWOTEJE APWOVIZYONNMAN DLO POTAB
NEW YORK LA**

***Konsèy la pral Abòde yon Bann Seri Pwoblèm Nesan ki gen Rapò ak Kalite Dlo a
yo***

***Premye Tach Konsèy la pral Abòde se fè Rekòmandasyon pou Tabli Nivo
Maksimòm pou Kontaminan PFOA, PFOS, ak 1,4-dyoksàn yo***

***Konsèy la ap Fè Premye Rankont yo 2 Oktòb nan Long Island epi Dezyèm
Rankont lan pral Fèt nan Rejyon Kapital la nan Fen Ane sa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse moun li nonmen nan Konsèy sou Kalite Dlo Potab (Drinking Water Quality Council) ki gen 12 manm lan, ki pral gide mezi New York ap pran pou asire tout kominote atravè eta a yo, kèlke swa lajè popilasyon yo, gen aksè a dlo potab pwòp. Konsèy la pral abòde yon bann seri pwoblèm nesan ki gen rapò ak kalite dlo yo, epi l ap mande èd espesyalis endistri a ki andeyò konsèy la pou yo konplèman konesans kote manm konsèy la yo manke, jan sa apwopriye.

Premye tach Konsèy la pral abòde se fè rekòmandasyon pou tabli Nivo Maksimòm pou Kontaminan (Maximum Contaminant Levels, MCLs) ki aplikab pou twa kontaminan priyorite nesan – gouvènman federal la pa reglemante a yo – yo te jwenn nan New York la yo ki se: Asid Pèfliyowooktanoyik (perfluorooctanoic acid, PFOA), Asid Pèfliyowooktanesilfonik (perfluorooctanesulfonic acid, PFOS), 1,4-dyoksàn (1,4-dioxane) Konsèy la pral rankontre pou lapremyè fwa 2 Oktòb a 10 è a.m. nan SUNY Stony Brook nan Stony Brook, NY, epi y ap gen yon dezyèm rankont k ap fèt nan Rejyon Kapital la nan fen ane sa a.

“Yon lòt fwa ankò New York ap pran responsabilite pandan gouvènman federal la kontinye inyore devwa l pou l bay direktiv klè pou pwoteje kalite dlo yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou itilize meyè rezilta lasyans gen pou l ofri yo, epi nou chwazi yon bann seri espesyalis, nouvo Konsèy sa a pral bay rekòmandasyon ki baze sou lasyans pou devlope règleman pou asire bon jan kalite dlo rete disponib pou tout Nouyòkè itilize. Kalite dlo se yon pwoblèm ki egziste onivo nasyonal ki mande pou gen estanda nasyonal inifòm, men New York pa ka ret tann ankò”.

Gouvènè a te pwomilge Konsèy la nan kad Bidjè Ane Fiskal 2018 la, li pral idantifye estrateji pou pwoteje kalite dlo potab nan New York yo kont kontaminan nesan, gouvènman federal la pa reglemante yo. Byenke bidjè a egzije pou sistèm dlo yo fè tès pou detekte PFOA, PFOS, ak 1,4 dyoksàn, se pral responsabilite Konsèy la pou yo revize enfòmasyon syantifik sou konpozan chimik sa yo epi bay Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) direktiv pou yo ka tabli MCLs pou kontaminan sa yo. MCLs yo se estanda pou dlo potab ki preskri nan kòd sanitè eta a ke sistèm dlo yo dwe atenn pou yo ka konfòm a règleman yo.

Konsèy la pral fè rekòmandasyon tou pou NYSDOH pran mezi swivan sa yo:

- delè ak frekans apwopriye pou yo fè tès pou detekte kontaminan nesan sa yo;
- meye pratik pou avize popilasyon an nan ka yo ta jwenn yon kontaminan nesan nan dlo potab la yo ki nan yon nivo pi wo pase nivo règleman yo preskri a; epi
- kèlkeswa si ak lè pou yo retire kontaminan nan lis kontaminan nesan yo.

Komisè Sante Eta New York la Doktè Howard Zucker pral prezide sou Konsèy la ki gen 12 manm ladan, epi l ap gen ladan Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department Environmental Conservation, DEC) Eta a Basil Seggos, avèk sis lòt moun Gouvènè a te nonmen pou konesans yo gen sou operasyon dlo yo, evalyasyon risk, mikwobyoloji, ak jeni anviwonmantal. Gouvènè a te nonmen kat dènye manm Konsèy la yo dapre rekòmandasyon Prezidan Pwovizwa Sena ak Pòtpawòl Asanble a te fè. Manm sa yo gen ladan reprezantan operasyon dlo yo ak reprezantan popilasyon an ki gen eksperyans ak konesans nan toksikoloji ak evalyasyon risk pou lasante.

Men moun Gouvènè a nonmen yo:

- **Komisyonè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, MD** (Deziyen: Brad Hutton, Komisè Adjwen, Biwo Sante Piblik la (Office of Public Health))
- **Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal an, Basil Seggos** (Deziyen: Ken Lynch, Komisè Egzekitif Adjwen)
- **Dr. Roger Sokol, PhD**, Direktè, Divizyon Pwoteksyon Sante Anviwonmantal la (Division of Environmental Health Protection), Sant pou Sante Anviwonmantal (Center for Environmental Health), Depatman Sante Eta New York la
- **Scott Stoner**, Chèf, Seksyon Estanda ak Evalyasyon Kalite Dlo a (Water Quality Assessment Section), Divizyon Dlo a (Division of Water), Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal Eta New York
- **Stanley J. Carey**, Direktè Jeneral Distri Dlo Massapequa a (Massapequa Water District) ak Prezidan Konferans Dlo Long Island lan
- **Doktè Joseph H. Graziano**, Pwofesè nan Fakilte Sante Piblik Mailman nan Inivèsite Columbia, Syans Sante Anviwonmantal ak Famakoloji a
- **Doktè Sandra Nierzwicki-Bauer**, Pwofesè ak Direktè Asosye Enstiti Dlo Darrin Fresh nan Enstiti Politeknik Rensselaer la
- **Doktè Harold Walker**, Pwofesè ak Prezidan Depatman Jeni Sivil Inivèsite Stony Brook la, KoDirektè Sant pou Teknoloji Dlo Pwòp la (Stony Brook Center for Clean Water Technology)

Moun Sena ak Asanble a rekòmande pou nonmen yo:

- **Sarah Jocelyn Meyland, J.D.**, Pwofesè Asosye, Enstiti Teknoloji New York la
- **Steven Schindler**, Direktè, Kalite Dlo: Depatman Pwoteksyon Anviwonmantal (Department of Environmental Protection) Vil New York la, Biwo Apwovizyonman Dlo a (Bureau of Water Supply)
- **Kris Dimmick, P.E. PWLF**, Enjenyè Pwofesyonèl, nan BCA Engineers & Architects
- **Paul Granger, P.E.**, Direktè, Distri Dlo Port Washington (Port Washington Water District)

Lidè Majorite Sena Eta New York John Flanagan te deklare, “Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pral yon zouti enpòtan anpil pou ede asire Nouyòkè yo kontinye gen aksè a dlo potab pwòp epi ki sen. Kris Dimmick ak Paul Granger, ki se de moun Sena te nonmen nan Konsèy la, pral sètènman ajoute konesans ak eksperyans itil sou pwoblèm lan an jeneral. Fòmasyon Konsèy la ap ajoute sou investisman istorik 2.5 milya dola, Repibliken nan Sena yo t ap defann lan epi yo te apwouve anndan bidjè eta a, pou pwojè dlo pwòp atravè tout eta a yo”.

Pòtpawòl Asanble Eta New York a Carl Heastie te di, “Majorite Asanble a sipòte mezi pwòp pou asire Nouyòkè yo gen aksè a meyè kalite dlo potab. Lè nou tabli Konsèy sou Dlo Potab la, nou ka konfyans espesyalis ki pi kalifye nan New York la yo pral patisipe nan mezi pwoteksyon ap pran pou youn nan resous natirèl ki pi presye nou yo epi pwoteje sante piblik la”.

Komisyone Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Dlo pwòp esansyèl pou yon bon sante. Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pral bay Depatman direktiv enpòtan ki pral ogmante efikasite efò nou ap fè pou n pwoteje kalite apwovizyonman dlo potab nan New York la yo. Mwen kontan anpil pou m sèvi kòm prezidan kò enpòtan sa a epi mwen gen Gouvènè Cuomo larekonesans paske l te rasanble gwoup espesyalis distenge sa a”.

Komisè DEC a, Basil Seggos, te di, “Garanti sekirite resous dlo nou yo se yon eleman santral nan mezi pwoteksyon kalite lavi tout Nouyòkè. Lè l tabli Konsèy sou Kalite Dlo Potab la, Gouvènè Cuomo ap ranfòse lidèchip nasyonal li deja genyen nan zafè abòde kontaminasyon dlo yo ak devlope estanda solid an absans aksyon bò kote gouvènman federal la. Anplwaye DEC yo atann pou nou travay ak lòt manm Konsèy la yo pou nou devlope solisyon nou bezwen yo byen rapid”.

Kemp Hannon, Prezidan Komite Sante Sena (Senate Health Committee) Eta New York, te deklare, “Konsèy sou Kalite Dlo Potab la mete ansanam pati konsèy enpòtan yo pou yo idantifye ak pwoteje Nouyòkè yo kont kontaminan ki pa reglemante k ap menase kalite dlo potab nan Eta New York la yo. Sena ap aplodi mezi sa a, ki pral pwoteje sante piblik la, epi ede asire New York kontinye gen aksè a dlo potab pwòp pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

Thomas O’Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwonman (Senate Environmental Conservation Committee) Eta New York, te di, “Travay Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pral yon pa an avan ki enpòtan anpil pou asire efikasite ak ponktyalite repons Eta New York la akoutèm ak alontèm fas a pwoblèm fondamantal

dlo pwòp la. Sena atann pou l travay ak Gouvènè Cuomo ak Asanble a pou nou atenn yon avni ki gen bon kalite dlo ki san parèy, atravè tout New York”.

Prezidan Komite Sante Asanble Eta New York la (NYS Assembly Health Committee), Richard Gottfried te di, “Soti Long Island rive Buffalo, Nouyòkè yo ta dwe santi yo konfyan eta pran angajman pou l asire yo gen meyè kalite dlo kèlkeswa kote yo abite. Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pral fè revizyon ak anpil atansyon epi devlope yon plan daksyon konpreyansif pou pwoteje resous natirèl ki pi presye nou an”.

Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Konsèvasyon Anviwònmanal an (Assembly Environmental Conservation Committee) Eta New York te di, “Nonminasyon sipèb syantifik konpetan sa yo pral ede lejislati a ak Gouvènè New York la devlope nouvo politik ak nouvo lwa pou ede afwonte defi pou pwoteje dlo potab anbatè ak dlo potab sou sifas yo, ak sante piblik la.”

Konsèy la pral rankontre:

2 Oktòb a 10 è a.m.

SUNY Stony Brook, Charles B. Wang Center
100 Nicolls Road, Stony Brook, NY.

Tout rankont yo pral ouvè pou popilasyon an patisipe, y ap difize yo sou entènèt, epi yo ap konfòm a Lwa sou Reyinyon Piblik la (Open Meetings Law). Manm popilasyon an yo pral gen yon opòtinite pou yo fè kòmantè piblik, epi yo pral egzije konsèy la pou yo resevwa kòmantè piblik ak kòmantè pati konsène yo avan yo voye rekòmandasyon yo bay NYSDOH.

Pou plis enfòmasyon sou efò Eta New York la ap fè pou l asire gen bon kalite dlo potab, tanpri vizite [isit la](#), [isit la](#) ak [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418